



RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premii: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemoewah. ==



REGINIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 1 taoen f 6,— } njoewoen kabajar
 1/2 " f 3,— } roemijin.
 3 woelan f 1,50 }

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

WARA-WARA!

AWAS! sampoen ndoengkap kwartaal 2. Mila minggoe poenika para lengganan badé dipoenkintoeni wissel-tagihan. Wiwit sapoenika saben sa-kwartaal nampoeng kalih tengah roepijah. Kawoeninga. Saking ADMINISTRATIE.

PRADJA RAHAJOE.

LINTAH DARAT.

Margi maos serat kabar, koela saged ngretos dateng paparaban ing nginggil, sarta kados-poendi tandang srananipoen anggèné badé sami ambéngkas dateng poen saking ingkang djalaran sinerot (ingingsep) déning para mentalan waoe.

Jèn kamanah kanti panjawang aninifèni, mila kasinggihan sanget jèn ta bangsa kita poenika katah ingkang katjingkrangan. Sampoen malih ingkang kaoem patani alit-alit lan dagang kedik - kalih - kedik, bakoel grabadan botena makaten, lah tijang ingkang angsal tjadong saben woelan mesti, dasanan, èketan, oetawi atoosan, noen inggih taksih katah ingkang sambat seboetipoen andremili, boten tjekap tansah tekort kémawon, kas saldo adjeg nihil habis boelan habis wang, kantoen asangga wang.

Poenapa sababipoen déné teka makaten? Sabab katah ingkang kirang akal, soegih pokal, kirang oebed soegih ribed, kirang kaja soetik kawastanan boten koentjara, angangsa - angsa andoroosi angkaraning drija tan saged amepet sabarang ingkang tanpa goena, lan sapanoenggilanipoen. Oepaminipoen breten kémawon, bajaran sakolah 15 sèn kémawon adjeg kesoepeen oetawi kesoepeen, ning jèn adoe koetjing énggal anggèné ngetiging. Lo kok ada. lsp.

Panganggèning soenat lan preloe, wadajib lan boten, katah ingkang kwalik. Satoenggal kalih wonten ingkang ngengkoki soeméndé ing takdir, ladjeng kirang ichtijar. Nadyan dipoenbréh jèn ingkang KWASA paring soegih, gampil. Dipoen iwit-iwit jèn boten kalihan inggih badé mlarat temporat. Makaten limrahipoen.

Pasrah ing pangajoenaning oetawi njadong atas karsaning ingkang Moerbèng toemoewoeh poenika, wah, koela wastani oetami sanget, nanging jèn ladjeng sepi oetawi boten poeroen gadah ichtijar, poenika koela mastani keséd.

Inggih leres oerèté poenika saged neda, nanging poenapa kita manoesa pinaringan pantja - drija djangkep sampoen nija badé tansah kados gondon?

Mestiniipoen boten kaparengaken, kita kedah ichtijar ing sakadar sa-koewagangipoen.

Mamanahan bèr ageng. Jèn wonten damel pari damel radin - radin dag, mandar sok wonten ingkang poeroen laboeh dipoenréntjangi anoebroek-noebroek, noemboek bentoos mrika - mrika niba - tangi.

Titikan dateng ingkang boten poeroen dipoenwastani miskin, para maos mesti sampoen saged priksa oetawi ngalami lan njipati pijambak.

Nanging ingkang poeroen toeloeng, pari basanipoen toeloeng-mentoeng, ndjiret goeloe inggih wonten. Njamboeti jatra sasemat oepaminipoen, mawi tjepengan wit klapa, wangsoel jatra, wangsoel wit. (Salaminipoen kagadèkaken ingkang ngoendoehi ingkang nggadé).

Jatra f 50 — njaoer kropjok f 60 — oetawi f 75 — oetawi ntjil loenan ing 5 woelan. Adoeh, mejek - mejek tenan. Pinten % poenika? Oepami blandja f 100 — sawoelan ketjowok f 14 — f 15-an, rak REKAOS sanget. Saweg keblinger petanganipoen kalong f 1 kémawon sampoen ribed kok.

Wonten wenèh malih ingkang poeroen toeloeng nanging boten sepi (gadahan) pangarah, sageda sabin, pakarangan poenapa tegal oetawi radja-kajanipoen béndjingipoen sageda

dados bèkipoen ingkang noeloeng. Hara rak keteking-tekeng. Melas!

Kadjawi makaten taksih wonten lampah sanès - sanèsipoen ingkang ngisep dateng babasan limrah kawastanan tijang alit. Inggih poenika ingkang oegi sampoen sami benampejan oeningani pijambak lan poen moesibat deling woh manggis, ingkang pojananipoen bok rara Sembadra, boemboenipoen rawisan ron awar-awar. Mangké gèk kimbetan kepalanipoen toemoet mleteti. Harak sangsara X29 bedaoer.

Limrahipoen toeloeng poenika ngèntèngaken oetawi malejakaken babar-pisan dateng ingkang dipoen-toeloengi. Djeboel poeroen toeloeng mawi wonten pangarahipoen sanès ingkang oegi saged ngantos damel kapitoenan oetawi kasrakat lan kasangsaraning poen tinoeloeng, poenika nama dédé pitoeloengan; pitoeloengan ingkang boten kalal. Nerak sarak, nredjang papatjoehing PANGÉRAN, awit boten amekakat, boten moerwat.

Poendi ingkang nama tepa srira, tresna ing sesami-sami, jèn ngaten poenika? (Marc. bab 12 ayat 31 oetawi Math. bab 19 ayat 19).

Kados-poendi sagedipoen énggal kaleksanan mantoen kaisep lan limrah kabasakaken: wong miskin dadi pakané wong soegih, wong gebleg dadi pangané wong pinter? kadjawi sarana pitoeloeng-pitoeloeng saking para gémbong-gémbong, barong-barong lan djempol-djempolan? Boten lija, inggih poenika jèn sampoen sami ngretos nggrajangi badan oetawi srira pijambak, ngretos memet dateng pétang, leres panganggènipoen wadajib, soenat lan preloe.

Inggik gadah (kagoengan) lengganan ing toko, sampoen bon katah-katah, ngemoengna ingkang pantjèn njata preloe sanget. Sampoen kerep kerep tindak (késah) léléng dateng peken oetawi toko jèn boten wonten kapreloean ingkang metek. Awit ing ngrikoe sok ladjeng noewoehaken pepénginan ingkang boten kasedyia wiwit waoenipoen (saderèngipoen).

Saking sakedik njoeda sadaja ingkang boten migoenani. Jèn toetoembas (moendoet) ngemoengna ingkang moerakabi kémawon, ingkang djan temen boetoech.

Wasana borong dateng para kawogan.

Ki Loerah: SAWOER-SARI. Koemoeningtengah.

IMMIGRATIE.

Ing Sw. Tm. No. 10 sad. poen P. D. ngrembag bab immigratie toewin emigratie; tijang ingkang dateng boten sadaja dipoenlilani mlebet tanah Indonésia, wonten ingkang katolak poenapa. Poenapa tijang Djepang oegi wonten ingkang katolak? Anggèné koela njoewoen priksa makaten poenika, awit koela asring mirengkabar sriwing², bilih tijang Djepang poenika namoeng badé nding-kik, mider - mider neningali kawontenan tanah Djawi, ladjeng Jèn tjara koela boten poenapa-poenapa. Prakawis poenika saking pamanggih koela boten adamel koewatosing manah; awit: sampoen wonten pranatan bab immigratie; tjatjahing tijang Djepang (sanadjan taoen poenika mindak 13% katimbang wingi-wingi) boten sapintena, manawi katimbang kalijan tjatjahing tijang Tjina toewin Arab, ingkang ing taoen poenika mindak 30% kabekta saking ing tanah Arab kekirangan teda; tijang késah saking tanah woetah rahipoen poenika ingkang katah badé berah; mangka tijang Djepang ingkang wonten ngriki boten patos kraos toer mawi angsal bantoean saking tanah woetah rahipoen.

Déné ingkang badé moetawatosi poenika saged oegi bangsa ingkang namoeng ngendelaken katahing tjatjahipoen toewin anggènipoen mriki namoeng pados teda; poenika ingkang saged nampèl poeloek, saged ngesoer sadèrèk Djawi. Bangsa poenapa poenika sadèrèk temtoeni-

ISINIPOEN:

Wara-wara — Lintah darat — Immi-gratie — Ngadjengaken kagoenan Djawi — Ngoelandara — Kados - poendi bèrésipoen — Kabar Oemoem — Saking Soerakarta — K.K.P. ing Djokja — Commissie — Wilhelmus kalijan Indonesia Raja — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap sari — Correspondentie.

poen saged mbatang pijambak, oeger ngertos temboeng „mindring.”

Mila mangga sadèrèk, poenika dadosa panggalihan; soemangga ndjagi sampoen ngantos kesoe déning bangsa ngamantja. Poeloeh-poeloeh boten badé remen dateng orang asing, manawi kita pijambak ingkang njoekani dadakan, badé kados-poendi? Mila ginaoe njamboet damel sengkoe, njantosakaken economie, koemandel ing pakarjanipoen pijambak. Semanten poenika manawi pandjangan badé ngarah kamardikan.

T.

—: KAGOENAN. —:

NGADJENGAKEN KAGOE-NAN DJAWI.

Ing samangké kagoenan Djawi poenika sami moendoer, menggah sababipoen 1^o amargi ingkang nganggé sampoen boten remen 2^o sanadjana remen, aosisipoen katah, dados aloewoeng toembas damelan ngamantja.

Prakawis ingkang sapisan poenika oepaminipoen loerik. Ing samangké loerik poenika sampoen katah ingkang boten remen. Manawi koela njawang bangsa koela pijambak inggih poenika para goeroe, prasasat boten wonten ingkang nganggé loerik. Asindjang loerik malih samia poeroen, saweg rasoek loerik (soerdjan) kémawon boten poeroen. Para garwa-garwanipoen inggih prasasat boten wonten ingkang loerikan. Loerik poenika ing samangké katlingal para.

Masti kémawon jèn tetijang boten sami poeroen nganggé, angèl anggènipoen meksa, dados manawi sa-koela poenapa poenika badé bakoelan loerik, katah oetoeipoen, manawi badé toeni. Saminipoen bangsa Wlandi, samangké rok-rok poenika tjekak-tjekak doemoegi ing dengkoel, malah ngadat tanpa lengenan. Modèlipoen sampoen makaten, para njonjah sami boten remen dateng rok pandjang mawi lengenan pandjang (sanadjan rok pandjang mawi lengenan pandjang poenika boten gampil noentoen dateng piawon). Dados manawi wonten toko sadé rok modèl kina, temtoe boten pepadjengan.

„Pantjènipoen jèn poeroen nganggé loerik, Indonésiah rak madjeng.” Kasinggihan, nanging tijang poenika limrahipoen namoeng mikir badanipoen pijambak: „Kono seneng loerik ja bèn, akoe ora seneng kok!” Manawi angger tijang moengel makaten, dipoen-genah-genahna dipoen-kados poenapa, rak tanpa goena.

Tjekak jèn ingkang nganggé sampoen boten remen, inggih sampoen. Damel modèl énggal kémawon (nanging saé!)

Sapoenika ngrembag prakawis ingkang angka kalih: tijang-tijang taksih remen, nanging boten poeroen toembas, amargi kawisen oepaminipoen: seratan (batikan). Limrahipoen tijang remen sindjang seratan tinimbang tjap-tjapan, dalasan tjap aloes pisan.

Bangsa Indonésiah ngetjap limrah oetawi aloes, roemijin laris, awit ngedjori seratan. Nanging sarèhné Indonésiah poenika prakawis nalar kawon kalijan Éropah, ngriki ngetjap taksih mawi tangan, ngrika mawi èlèktris. Sampoen temtoe kawon. Dadosipoen makaten: seratan kawon desoek kalijan tjap tangan, tjap tangan kawon desoek kalijan tjap èlèktris.

Sarèhné Indonésiah boten saged ngedjori Éropah ing prakawis ngetjap èlèktris, mila jèn anggènipoen

ngedjori mawi seratan, katah oetoeipoen menang, amargi tetijang taksih remen dateng seratan katimbang tjap-tjapan, nanging reginipoen kedah medak sanget.

Manoet gagasan koela, jèn regi medak, soepados sampoen toeni, wragad oegi kedah medak; mangké jèn katah ingkang toembas, ladjeng saged bati. Amrih saged toemindak: sadaja ingkang dagang seratan kedah ngwontenaken ko-operasi.

Paedahipoen ko-operasi poenika 1^o saged ngwontenaken pawitan katah 2^o saged toembas teroes dateng toekipoen, dados boten dateng tijang ingkang sampoen kilak, oepami toembas lilin koté, inggih dateng Koetai, boten dateng patjinan, toembas monten teroes dateng Éropah lsp.

Jèn ko-operasi dipoenjakaken, koela poeroen tanggal, temtoe saged andesoek tjap-tjapan Éropah.

Sinten karsa nindakaken? Soemangga!

poen P. D.

OEDJIAN BOEAT CANDIDAAT GOEROE-GOEROE SEKOLAH PERTOEKANGAN JANG AKAN DIADAKAN PADA TANGGAL 11 SEHINGGA 17 APRIL 1930.

Siapa jang hendak toeroet menempoeh oedjian itoe, hendaklah sebeloemnja tanggal 5 April memberi keterangan kepada KEPALA SEKOLAH PERTOEKANGAN DI JOGJAKARTA, disertai keterangan: oemoer, diploma Ambachtsschool (pada tahoen berapa dan angka-angka kepandaian), berapa lama dan sebagai apa ia bekerdja.

Sesoedahnja loeloes oedjiannja, maka candidaat itoe laloe mendjalani opleiding boeat Goeroe-goeroe sekolah pertoeakangan dan mendapat toelage f 50,- seboelan.

Kepala sekolah pertoeakangan di Jogjakarta.

KOEROE SÉTRA.

„NGOELANDARA.”

- Ing Sw. Tm. no. 10 sadèrèk P. D. ngandikakaken wontenipoen a. Immigratie ing t. Djawi ngriki goenggoeng wonten 17161 dijwa.
- Tijang Djawi taksih aras-arasen etc.! leres, njata.

MULO KATHOLIEK
 ING
JOGJAKARTA LAN ING SOERAKARTA.

- Para moerid ingkang badé nglebeti Voorklas oetawi Klas I moegi sami njaosana priksa doemateng Dirèktoering pamoelangan waoe. Kanggé ing Soerakarta adrèsipoen: **BROEDERAN KOESOEMAJOEDAN;** kanggé ing Jogjakarta **KAMPEMENTSTRAAT 17.**
- Menggah moerid ingkang katampi:
 - kedah mbekta oetawi ngintoenaken *verklaring* saking pangagenging pamoelanganipoen.
 - adrèsipoen ingkang tjeta.
 - panampinipoen moerid doemoegi tanggal 1 Juli.
- Déné laré ingkang boten gadah *verklaring* badé dipoen-èksamen: kanggé ing Soerakarta, èksamenipoen béndjing tanggal 1 lan 2 Mei wonten ing pamoelangan Mulo ing lodji ingkang poengkasane **ACHTERSTRAAT;** kanggé ing Jogjakarta béndjing tanggal 28 lan 29 April wonten ing pamoelangan Mulo **KAMPEMENTSTRAAT.**
- Kanggé ing Soerakarta, sadèrèngipoen tanggal 30 April sasampoen njaosi priksa doemateng adrès kaseboet nginggil; kanggé ing Jogjakarta sadèrèngipoen tanggal 27 April.
- Bab bajaran sekolah mitoeoet pranatan Goepermèn.
- Ing pamoelangan R. K. Mulo poenika dipoenwonteni woelangan basa *Engelsch, Fransch, Duitsch, Djawi, Mladjeng lan gymnastiek.*
- Déné woelangan *Agami* boten dipoenwadjabaken.
- Wiwit tanggal 1 Juli R. K. Mulo ing Soerakarta, pindah wonten ing tilas „*Hotèl Döhne*”, satjelakipoen Goepernoeran.

SECRETARIS CANISIUSTICHTING.

PAREPATAN K. K. P.

Wonten ing pandapa kapastoeran Kotta Baroe kala tg. 16 Maart 1930.

Warga bestuur pepak rawoeh sadaja, saha parepatan ingkang andjengni padoeka G. A. Rama Darmasepoetra.

Wosing rembag: ngoedi gregeding pakempalan, inggih poenika natepaken ajahaning K. K. P., ingkang sajogi linampahan roemijin, röhning kagoenan pedalangan poenika saestoe wijar tebanipoen.

Wasana parepatan saijeg andawabaken poetoesan kados ingkang katjata ing ngandap poenika.

1. Röhning boekaning kanda djantoeeran djedjer sapisan adapoer pangastotining kjai dalam doemanteng Sang Sardjana Sidarta ingkang sineboet Sang Boeda, mila K. K. P. badé jasa pijambak ingkang ngemot soeraos „Njoewoen idi pangestoe dateng ingkang Maha Kawasa,” dados boten mrengkang ing piwoelanging Agami Katholiek. Déné boekaning djantoeeran énggal waoe inggih badé nganggé basa Sanskrita, kadosdéné ingkang sampoen wonten, amoeng saben saokara wetah, badé kasantoen ing basa Djarwa, saha tjinéngkok kanda djantoeeran.

2. Pakempalan ngoedi ingkang soepados warganipoen ing bédjing manawi ngringgiti mangertosaha saha trampil moenggoehing basa padalangan, mila saben woelan badé ngawontenaken karangan potjapaning ringgit, kinten-kinten salamapan, saben warga kabebahan sapersangan.

Kanggé miwiti, mendet lampahan Bambang Koembajana, kadadosaken 11 pérangan: 1 potjapan djedjer Ngastina badé ambodolaken Korawa ngopaja lisah tala. 2 Potjapan ing Gadjah Oja badé ambidalaken Brata Pandawa dateng wana Djati Rokéh lsp.

Pénget. Mila basa padalangan kamanah perloe, awit ingkang koe-pija katah dalam ingkang nganggé basa limrah, temah itjal raosing ringgit Poerwa.

Kjai dalam kedah anjingkiri temboeng-temboeng amatja (kadjawi toemrap ringgit banjol oepami: Kabar = pawarta. Slamet = rahardja. perloe = wigati. Soekoer = bagnet lega rasaning atikoe. lsp.

Kaping kalihpoen inggih katah temboeng-temboeng Djawi limrah ingkang kirang prajogi kanggé wonten ing padalangan, oepami: nggolèki = ngoepaja. Teka = prapta. Madjoewa = di kapara ngarsa. Dakkandani = soendjarwani lsp.

3. Nandoekaken lampahan ingkang sampoen ginoebah ing karangan, ngiras pantes ngoelinakaken dateng lagoning gending, saha nrampilaken sabetan, sarta sadaja solahing ringgit, ingkang kedah kaoedi sarloedjoek lan lampahing gangsa (dawah ketoe kenong, kempoel oetawi gong = in de maat van de muziek). Sadaja waoe sarana ringgitan, kangkah pendak woelan, boten sagedipoen inggih kalih woelan sapisan.

4. K. K. P. wadjib matoer sembah noewoen dateng Rama G. A., röhning sampoen karsa paring pitedah, ingkang boten sakedik badé pikantoe-kipoen, inggih poenika, bab tjarijos ingkang saged toemandoek ing raosipoen ingkang mirengaken. Darsaring manoengsa poenika manawi mirengaken lelampahan, ladjeng nimboelaken pitakénan warni-warni, tegesipoen neda katrangan. Pramila kjai dalam manawi tjarijos, sadaja lelampahan kedah kadamel sampoen

Dados pamanggih koela, manawi Pamaréntah boten kagoengan loentoengan, koela kinten temtoe njoewak immigratie lsp. Sadjakipoen sad. P. D. boten ngwontenaken — mangga koela atoeri: madangi . . . !

Toer oepami ngloentoenga manahipoen, koela boten badé poenapa-poenapa, namoeng badé élik-élik, manawi poeroen, botenipoen inggih namoeng moengel: ja kono dikepé-nakaké . . . ! wong pantjèn lagi dikenakaké kok . . . !!!

Noewoen
C. C. Mt. TJANTRIK.

KADOS-POENDI BÈRÈSIPUEN?

(Saking Solo).

Poen panjerat anggènipoen koemawantoen njoengolaken pangoeneg-oenening manah ing Oedyana ngriki, boten nedya badé mantjahi oetawi menggalih wontening pranatan negari, wangsoel mligi moerih terang, bérésing toeminding pranatan; moerih ingkang kapranata roemaos marem, boten groendelan agengipoen mbangkang.

ngantos tjengkah lan raosing kamanoengsan. (kedah psysgologisch). Déné jèn boten saged, oepami wonten lelampahan, ingkang boten kapanggih ing nalar, poenika kjai dalam prajoginipoen amigoenakna papastèning Djawata minangka katrangan. Pandjenenganipoen G. A. paring toelada katah ingkang estoe amranani raos.

Joesoep anakipoen Jacob, poenika laré, ingkang saé memahanipoen, mila dipoentresnani tijang sepoehipoen, éwasamanten ngantos kalamapan badé dipoenpedjahi sadèrèk-sadèrèkipoen, ingkang makaten waoe margi Joesoep poenika gadah tjatjat, inggih poenika kirang pangatos-atos, temah kerep njerikaken manahing sadèrèk-sadèrèkipoen.

Samanten oegi Ruben, inggih laré boeroes saha manah satoenggal, éwadéné rembagipoen boten dipoen-gatosaken kalijan sadèrèk-sadèrèkipoen, margi roemijin sampoen naté awon kalijan seliring bapa.

Poenika toelada tjarijos ingkang tjoeudoek lan raosing kamanoeng-san. Toelada sanèsipoen boten koela atoeraken, verslag koela mindak kepandjangan, koela djoegag samanten kémawon. Sanès dinten malih.

koela pentil dalam,
B. Soegija.

VERSLAG SAKING COMMISSIE „JEUGD-ORGANISATIE.”

I. Woedjoeding Commissie.

1. Pangarsa — C. Soegiri — Djokja.
2. Panitra — D. Soetana — Djokja.
3. Lid — Soerjamoersandi — Moentilan.
4. „ — Darmasoerata — Djokja.
5. „ — Sadiran — Moentilan.
6. „ — J. Siswasoerata — Solo.
7. „ — Soerjasoerata — Solo.
- G. A. — padoeka Prof. J. J. van Rijkevorsel.

II. Padamelanipoen.

- a. Damel ontwerp-statuten.
- b. Njoewoen goedkeuring K. Bisschop.
- c. „ Geestelijke Adviseur.
- d. Ngedegaken tjabang.

III. Organisatie.

- 1). Nama: Moeda Katholiek.
- 2). Ing panggénan ingkang volledig prana-tanipoen mekatan:
 - A. Golongan saged tjara Welandi.
 - B. Golongan boten saged tjara Welandi.
 - 3). A. Golongan saged tjara Welandi kapérang dados 3:
 1. M. K. golongan njamboet damel.
 2. M. K. golongan sinaoe wonten voortgezet onderwijs lan Middelbare scholen.
 3. M. K. golongan sekolah ngandap.
 - B. Golongan boten saged tjara Welandi kapérang dados 2:
 1. M. K. golongan njamboet damel.
 2. M. K. golongan taksih sekolah.
 - 4). Sadaja golongan gadah pangrèh pijambak-pijambak. Para pangarsaning golongan-golongan dados poesaraning panggénan ngrikoe.

5). Toedjoenipoen:

1. Lichamelijke vorming.
2. Verstandelijke vorming.
3. Geestelijke vorming.
4. Godsdienstige vorming.
- 5). Srananipoen:

Ngedegaken sectie oelah raga, muzieclub, zangclub, gamelanclub, schaaclub, sesorah-sesorah, njebar waosan saé, congregatie lsp.

IV. Tjabang ingkang sampoen madeg.

- 1e. Ing Ngajodja.
- 2e. „ Solo.
- 3e. „ Magelang. Sigeg.

Naschrift:

Moegi-moegi jeugd-organisatie ing tembé saged ageng, santosa lan widada.

Para lelantjoering pakempalan-pakempalan sasaged-saged kedah ngréntjangi adjinging jeugd-organisatie, ngéngeti oengel-oengelan: „In de jeugd ligt onze toekomst.” Menawi para moeda bobrok, gotrah Katholiek inggih badé tanpa adji, tanpa daja, kosok-wangsoelipoen manawi para moeda Katholiek sami peng-pengan, gotrah Katholiek badé koentjara. Djalaran menawi para wreda sampoen sami moendoer saking djagad ramé, ingkang kedah tandang nggentosi koewadjabanipoen inggih para moeda waoe.

Pramila para moeda! Inggah nggregoet, ingkang mèmeng, sampoen nglokro, ngedalna tenaga pandjenengan! Steeds omhoog!

GAMBIR ANOM.

Noewoen prijantoen!!! Kala tanggal 15-3-30 panjerat tampi andaraning sadèrèk mratélakaken gelaning manahipoen margi katamaning tindaking pranatan ingkang boten njenengaken. Kilap namoeng trandjanging ingkang anindakaken oetawi pantjèn sampoen kedah mekatan, panjerat boten patos terang. Wosipoen mekatan: Sadèrèk waoe oetoesan noembasaken penning (plombe) piet kanggé tahoen 1930, pengaos saroe-pijah. Boten dangoe oetoesan dateng ngatoeraken jèn boten angsal djalaran: piet waoe tanpa plombe tahoen 1929 lan bewijsipoen pisan. Oetoesan kanti kaweling loerahipoen, Dj. jèn tahoen 1929 dèrèng toembas plombe, sapoenika kedah toembas dubbel; dados f2 (kalih roepijah).

Sdr. waoe soeka katrangan malih jèn: tahoen 1929 mila boten toembas, awit pit poenika asal saking kita Semarang anggènipoen mbekta kala tg. 4 Maart 1930 mangka ing Semarang boten wonten pranatan kedah mbajar plombe. Oetoesan wangsoel malih neda kitiring kepala kampoening Dj. perloe kanggé katrang-

an; lan kelampahan dipoenbek-tani, éwasamanten sadoemoging kamantren pananggap ing Sr. meksa dipoenwangsoelaken, kilap djalaran saking poenapa boten terang. Namoenng weling dateng oetoesan se-pados mbekta serat katrangan sob-bajaran tahoen 1929.

Lho! goemoen koela, sadjakipoen anggènipoen mangsoeli teka namoeng sasekétjanipoen, tijang sampoen katrangaken jèn pit asal saking Semarang, toer sampoen wonten katrang-aning kepala kampoenng teka meksa wangsoel. Poenapa dèrèng midanget jèn Semarang boten wonten pranatan plombe kados ing Soerakarta? Poenapa boten pitados dateng katrang-aning loerah? Poenapa katrangan lan pranatan waoe sampoen nglenggahi leres? Poenapa tindak ingkang makaten boten damel bingoening publik? Moegi kawigatosna!! Inggih toemrap tijang ingkang soegih wkdal kanggé idjlag-idjlag dateng kemantren toemrap para kaeom berah ingkang nganggoeripoen namoeng minggu kados-poendi? Mangka minggu kantor katoetoe, ngéngetan: Wekdal poenika jatra.

Noewoen.
C. C. St. Liem - Boek.

V A R I A .

SAKING POEDAKPAJOENG LAN BANJOEMANIK.

(district: Oengan).

Kala Setoe Legi 22-2-30 djam 3 sijing ing andap-andapan Watogong kidoel pal 10 (antawisipoen Poedakpajoeng lan Banjoemanik wonten katjilakan auto H. 532 selip. Tijang ingkang noempaki pedjah 1 (Djawi).

Kala Djoemoeah Paing 27-2-30 djam 3 siang ing antawisipoen P-Pajoeng lan B. Manik lèr pal 10 wonten auto noemplex. Inggah noempaki wilodjeng.

VAN LITH-STICHTING.

TANGGAL NÈM SAMPOEN DATENG

ADRÈSIPUEN PENNINGMEESTER V. L. S.

2e. Convict Moentilan N.I.S.

Bestuur V. L. S. BIJZ. H. I. S. MAGELANG.

Kala Ngahad Wagé 1-3-30 djam 10 éndjing ing Poedakpajoeng kidoel pal 11 wonten bus E. S. T. O. nritjig tanggoel. Roda ngadjeng kalih sadaja antjoer. Inggah noempaki wilodjeng.

Kala Rebo Paing 4-3-30 djam 5 sonten ing Banjoemanik wonten motor taxi H. 7330 tabrakan kalijan motor P. 6138. Wonten sinjo satoenggal ketaton rainipoen, margi kènging katjaning motor.

Poedakpajoeng.

Pandjenenganipoen Mr. L. J. P. J. Jeekel advocaat, Mev. Dr. Sluimers Egeyendi Arts Semarang, padoeka toewan J. Schuyleman Secretaris Gouv. Semarang, Lauw Kong Hoy Directeur Warnawarta Semarang, sami dedalem ing Poedakpajoeng. (sadaja djempolan).

Oengan.

Dinten Setoe Paing 15-3-30 djam 1/26 sonten ing grijanipoen pawon pak-Nitiredjo ing kampoenng Sembongan Oengan kabesmi sepalih, margi nggarang djagoeng.

Pamoelangan angka II Srondol. (lèr Banjoemanik).

Openbare Inlandsch School der 2e. klasse te Srondol kagantos nama 15de Openbare Inlandsch School der 2e. klasse te Semarang. Mila wedalan Normalschool jèn benoem sampoen klèntoe ndjoedjoeg Semarang, awit doenoengipoen wonten Srondol.

Ambarawa.

Tanggal 24-2-30 M. Wijana moerid R. K. Normalschool Ambarawa nalika eindexamen namoeng pijambakan, djalaran waoenipoen sakit. Sareng katiti priksa iksamenipoen déning pandjenenganipoen padoeka K. T. pls. Inspecteur (A. v. Dijk) saged geslaagd. P. f.

Semarang.

Pandjenenganipoen R. Kadiri Hadisiswaja, adjunct-hooff-djeka ing Semarang, djoemeneng Wedana ing Sélakaton Soekaredja Kendal. Koela poen: BASIL.

Para maos!

Saepami. . . . pandjenengan kagoengan damel! Pandjenengan atoer-atoer. Sampoen mesti kémawon pandjenengan kedah saged damel leganipoen ingkang pandjenengan atoeri! Kedah saged among tamoe, mangertos ing panoedjoel! Menawi pandjenengan mangertos, tamoe pandjenengan tjalon mawi djas-djlana-sepatoe, mangka ladjeng pandjenengan soedijani klasa goemelar, poenika pandjenengan nama koerang adjar, ora weroeh ing tata krama! Manawi pandjenengan mangertos, tjalon tamoe pandjenengan sami boten dojan oelam babi, mangka ladjeng pandjenengan soegata oelam babi, poenika pandjenengan tetep nama damel serik, damel mainan tijang, inggih éwonipoen orang koerang adjar tidak taoe 'adat.

* *

Katjarijos, kala malem Minggu 15/16 Maart, pakempalan „Mardi Oetomo” gadahanipoen siswa Mosviba (Middelbare Opl. School voor Inl. Bestuursambtenaren) ing Madioen damel pista taenan kados adat saben. Prijantoen² B. B. sami dipoen-oelemi. Pangagengipoen sekolahan, sadèrèngipoen sampoen andawoeh-aken manawi pandjenenganipoen Resident rawoeh, soepados katjaosan pambagja lagoe Wilhelmus. Nanging siswa tjalon B. B. ing ngrikoe, sami roemaos awrat, temahan kapoetoes badé binagèkaken lagoe kabangsan „Indonesia Raja”, boten mawi lagoe kabangsan Wilhelmus. Prijantoen B. B. mireng, sarta ladjeng boten badé dateng. Mireng prakawis poenika, pangageng sekolahan ngéngetaken. Para prijantoen Mosviba Madioen ladjeng parepatan, ngrembag prakawis Indonesia Raja kalijan Wilhelmus, sarta kapoetoes: lagoe Wilhelmus boten badé kaoengelaken. Dirèktoer ngéngetaken malih, . . . para siswa inggih ladjeng parepatan malih, nanging meksa kapoetoes: boten mirengaken lagoe Wilhelmus. Directeur ladjeng njaosi pirsira Resident, . . . satamah pandjenenganipoen (lan oegi prijantoen sanèsipoen ingkang sami dipoenatoeri) boten kersa ngrawoehi pista kaseboet nginggil. Malah prijantoen-prijantoen sawatawis ingkang sampoen keladjeng rawoeh, sami nilar papan ngrikoe. Sareng wonten katatalan makaten, prijantoen-prijantoen Mosviba moetoesi ngoengelaken lagoe Wilhelmus, sarta ladjeng kèngkènan njoewoen pangapoenten dateng pandjenenganipoen Resident. Inggih dipoenparingi pangapoenten, nanging teroes boten kersa rawoeh Makaten pawartos ingkang kaseboet ing serat-serat kabar. Malah, manoe Ind. Cert., kabar officieel (boten badé binagèkaken mawi Wilhelmus) ingkang tinampi pandjenenganipoen Resident, poenika sareng pandjenenganipoen sampoen tindak doemoegi sangadjinging kamar bolah Sigeg.

Menawi Goepernoer oetawi Resident ngrawoehi pista, poenika tjaranipoen pantjèn binagèkaken mawi Wilhelmus oetawi Wien Neerl. Bloed.

Lalampahan ing Madioen poenika, koela atoeri njoendoekaken kalijan tijang gadah damel mawi ngatoer-atoeri, kados atoer koela kaseboet ing nginggil. Mangga, poenapa pandjenengan boten badé mastani: „ah, nèk ngono koewidjenengé ja ora idep tata krama; ora weroeh ing empan papan!” Saja manawi ngéngeti siswa Mosviba makaten tjalon dados prijantoen B. B. dados andel-andelipoen Nagari! Saweg taksih dados moerid kémawon sampoen wani toemindak ngrèmèhaken ingkang tjalon dipoensoewitani, la méndah ing bédjing manawi sampoen dados ndara Sistèn, ndara Danal

Lekasipoen siswa Mosviba Madioen poenika langkoeng-langkoeng saestoe anatoni panggalihanipoen Wakil Nagari pandjenenganipoen Resident ing Madioen toewan van den Bosch.

Manawi golongan ngriki dipoen-rèmèhaken golongan sana, poenika tijang ngriki anggènipoen meta-meta boten kanten-kantenan. Pandjenengan rak inggih taksih kèngetan ta, lalampahan kalanipoen Dr. Tjipta dipoensoewijah wonten salebeting

tonil Walandi ing Betawi? Kala samanten sedèrèk, serikipoen golongan Indonesia — kala samanten dimas Patjar Mèrah inggih toemoet mrekitik — boten kedjamak! Manawi golongan ngriki boten poeroen dipoensoewijah kaoem sana, rembag koela inggih sampoen damel seriking golongan ngriki. Sadaja-sadaja kedah mawi tepa salira!

Saged oegi, wonten ingkang manggalih lekasé siswa Mosviba koewi lekasing satrija oetama, ngantepi kantepeanè, ngroengkebi kejakinané! Siswa Mosviba Madioen jakin: wong Indonesia hija koedoe ngoenggoelaké lagoe kabangsan Indonesia Raja, ora béda karo wong Walanda anggoné memoendi lagoe Wilhelmus oetawa Wien Neerl. Bloed. Wong Indonesia ora bisa jèn dikonggoe-tjapaké Wilhelmus, djer koewi doedoe lagoe kabangsan Indonesia. Sing sapa gelem asantani Wilhelmus koewi pada waé karo ngloehoer-ngloehoeraké kabangsan Walanda, ngadjab lestaringing papréntahan Walanda ana ing Indonesia. Moelané sanadyan ngéngéngé takantepi: akoe emoh asesanti Wilhelmus; sasantikoe: „Indonesia Raja”.

Boten soesah tijang pinter, soemerep lalampahanipoen siswa Osvia Mosviba Madioen waoe, tangèh sagedipoen moengel: „Koewi tindak ngroengkebi kajakinan!” Sebab poenapa? Manoe ingkang katjarijosaken ing nginggil, woesananipoen para prijantoen waoe inggih sami moetoes mirengaken Wilhelmus! Sami njoewoen pangapoenten! Hara, sinten ingkang mastani bilih makaten poenika nama ngroengkebi tékad sawidji? Inggah dipoenwastani martir, poenika inggih tijang ingkang doemogening satelasing kekijatanipoen pisan, lestantoen ngantepi antepipoen!

Manawi ngleresi Wilhelmus, poenika tetijang sami hoerat ngadeg. Semanten oegi ing parepatan-parepatanipoen bangsa ngriki, manawi ngleresi sesanti Indonesia Raja, tetijang inggih sami koerat ngadeg. Dados semoe-semoenipoen anggènipoen para siswa Mosviba Madioen badé asoeng pambagja Indonesia Raja waoe, inggih soepados para B. B. ambtenaren bangsa Walandi ladjeng koerat ngadeg, boten béda kalijan prijantoen Djawi inggih sami ngadeg manawi ngleresi Wilhelmus. Sedyak makaten poenika, bablasipoen ateges poenapa, para maos saged manggalih pijambak!

Lagoe Indonesia Raja — sanadyan saéa, mengkoek pikadjing loehoer dipoenkados poenapa — manawi katoemrapaken wonten salebeting pista ingkang mawi ngoelemi prijantoen-prijantoen B. B. Walandi, pamanah koela saestoe boten mapan. Kadjawi ta, manawi boten mawi ngoelemi prijantoen B. B. Walandi, poenika sanès rembag!

Kadjawi poenika, ingatasipoen taksih moerid pantjènipoen boten preloe manah prakawis makaten² waoe. Inggah kapentingaken nomer satoenggal pasinaonipoen roemijin! Toemrap prakawis poenika, koela tjotjog sanget kalijan pamanggihipoen Bintang Timoer makaten: „Tetapi biar bagaimana djoega, kita sajangkan kedjadian sedemikian, sebab selagi pemoeda itoe menentoet peladjaran oentoek mendjadi Bestuursambtenaar jang modern, hendaknja toedjoean padanja menamatkan peladjaranja itoe dahoele. Djangan diloeppakan sekarang dan nanti, ertinja waktoe ada Nederl. Gezag atau kalau tidak ada Gezag itoe, bestuursambtenaar itoe perloe ada selamanja, karena tidak bisa djadi soeatloe pemerintahan siapapoen djoega, zonder ambtenaren. Pemoeda-pemoeda jang soedah menamatkan peladjaranja, maoe djadi apa kelak kemoedian hari, itoe sesoekanjalah, tetapi selama dalam peladjaran, patoetlah peladjaran itoe mendjadi programma nomer satoe. . . .”

Semanten kémawon! Dados sadangoenipoen sinaoe, kadidik dados ambtenaar Goepermèn, inggih kedah manoe lan ngoermati pranatan ngrikoe.

Poerwakinanti 22 — 3 — '30.

A. S. D.

CORRESPONDENTIE.

Sad. A. boten oman papan; minggu ngadjeng. Karangan sanès katah ingkang boten saged kamot, poensrantosaken. — Manawi pindah panggénan, para sadèrèk dipoenatoeri énggal maringi adresverandering.